**5-æм кълас**

# Лексикæйæ
# рацыд æрмæг бафидар кæныны урок



*«Ирон æвзаг у, хъуыдыйы æмæ æнкъарæнты тæккæ лыстæгдæр æмæ уæздандæр фæзилæнтæ равдисынмæ чи арæхсы, ахæм æнаипп, рæвдз æмæ коммæгæс хотых. Ирон æвзаг у тынг тасаг æмæ рæсугъд, хъæздыг æмæ цардхъом».*

*Абайты Васо*

## *1-аг станцæ: «Теори»*

***Хæс:***

*Ныффыссут лексикæимæ баст терминтæ.*

*Цас фылдæр – уый бæрц хуыздæр.*

1. *Лексикæ*
2. *Лексикон нысаниуæг*
3. *Иууон æмæ бирæон нымæц*
4. *Комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг*
5. *Омонимтæ*
6. *Синонимтæ*

6. *Антонимтæ*

7. *Фразеологион дзырдбаст*

## 2-аг станцæ: «Дзырдуат».

***Хæс:***

***Уыци-уыцитæ базонут. Цæмæ гæсгæ базыдтат, цы нысан кæнынц, уый?***



1. Сæрд уæлæмæ цæуы, зымæг – дæлæмæ
2. Уырызмæгыл фондзыссæдз хæдоны
3. Нæ уæлхæдзар – гуыдыны æрдæг



(кæрдæг) (къабуска) (мæй)



## *4-æм станцæ: «Омонимтæ»*

***Хæс: Ахъуыды кæнут æмæ зæгъут:***



1. Цавæр арфæйыл ис цæгъдæн?

**Цæх-джын, æ-дзæх, цæх-дон**

2. Цавæр уидаг нæ зайы зæххы?



3. Цавæр æвзаг бахæрæн ис?

4. Цавæр уæнг бахахх кæнæн ис?

*Дидинаг зайы быдыры.*

***Омонимтæ ссарут. Бацамонут сæ нысаниуджытæ:***

1) «Куыд дæ?» - «Куыд дæн. Æрдиаг ма мыл хъæуы».

2) «Куыд стут?» - «Куыд æмæ лæдæрст»

3) «Цы ми кæнут?» - «Цыми конд фестæм, Бæлтамæ бавнæлдтам».

4) «Уары, уары…»
«Цы уары?»
«Хидыхъусы цæхх уары».

5) Кæд нæ комы – дур йæ комы.

## *5-æм станцæ: «Раст фысс!»*

### *Бацамонут дзырдты растфыссынад:*

1) хур аны..уылди,
2) дзæбуг доны аны…уылди,
3) чызг алцы æмбæр…та,
4) мит зæхх æмбæр…та,
5) фæндыры хъа…т,
6) хъа..т кодта, хъыллист кодта.

### *Рафыссут, къæлæттæ гом кæнгæйæ:*

(Уы, у)дæгас адæймаг, доны (уы,у)дайын, фæлмæн (у,уы) ддзæф, (у,уы)рсзачъе зæронд лæг, хæххон (уы,у)гæрдæн; рог (рæуæг) дымгæ, хъæды (онг, уæнг) бацæуын, бæрзонд уæбау (обау).

## *6-æм станцæ: «Синонимтæ»*

***1. Синонимтæ афтæ ныффыссут, цæмæй æвдисой, архайд тыхджынæй тыхджындæр куыд кæны, уый:***

*Дзыназын, тъизын, кæуын, ниуын, богъ-богъ кæнын;*

(*дзуапп:* кæуын, тъизын, ниуын, богъ-богъ кæнын, дзыназын)

***2. Синонимтæ афтæ ныффыссут, цæмæй æвдисой, архайд лæмæгъæй лæмæгъдæр куыд кæны, уый:***

*Мæстæй цæхæртæ калын, мæстæй бахъынцъым кæнын, смæсты уæвын, мæстæй тъæппытæ хауын;*

(*дзуапп:* мæстæй тъæппытæ хауын, цæхæртæ калын, смæсты уæвын, мæстæй бахъынцъым кæнын)

***3. Рафыссут, синонимтæ цы дзырдты къордтæ аразынц, уыдон. Цæмæй бæрæг у, синонимтæ сты, уый?***

Æрттивын – цæхæр калын, тæрсаг – тæппуд, чысыл – гыццыл, зарæг – зарын, карст – кæрдын, хæлар – хæларзæрдæ, згъорын – лидзын.

*Дзуапп:* Æрттивын – цæхæр калын, чысыл – гыццыл, згъорын – лидзын.

## *7-æм станцæ: «Антонимтæ»*

### *Æмбисæндтæ антонимтæй баххæст кæнут.*

1. Хорзæн бын ма скæн, … бын ма ныууадз (æвзæрæн).
2. Сусæг зарæг … нæ фæкæнынц (хъæрæй).
3. Зæрдæ гуыдыр у, æвзаг - … (дæгъæл).
4. Дзыхджын – бæхджын, æнæдзых - … (фистæг).
5. Чи хом  зæгъы, чи - … (фых).
6. Дзургæ – къаддæр, хъусгæ - … (фылдæр).
7. Хуыцау – уæлейы, зæхх - … (бынæй).

## *8-æм станцæ: «Къæрцхъустæ»*

### *1.Дзырдтимæ дзырдбæстытæ саразут.*

Хыз – хуыз,
уызын – узын,
уыд – уд,
мигъ – мих.

**2. Нывтæм гæсгæ фразеологион дзырдбæстытæ саразут.**




consuls

